



# Kisa k ap pase nan Lekòl Leta Vil Nouyòk

عرض هذه الوثيقة باللغة العربية

এই নথি বা ডকুমেন্টটি বাংলায় দেখুন

查看本文件的中文版

Consultez ce document en français

Gade dokiman sa a an kreyòl ayisyen

이 문서를 한국어로 보기

Consulte este documento en español

یہ دستاویز اردو میں ملاحظہ کریں

Перевод документа на русский язык

[schools.nyc.gov/MessagesForFamilies](https://schools.nyc.gov/MessagesForFamilies)

## Fevriye 2025

Mizajou sa a yo bay pou fanmi gen enfòmasyon enpòtan sou pwogram Summer Rising 2025, Sondaj anyèl Lekòl NYC a, eleksyon konsèy edikasyon, Semèn respè pou tout moun (Respect for All), ak dat enpòtan pou enskripsyon.

### Kontni

- **Summer Rising**
  - Aplikasyon MySchools
  - Elèv ki gen IEP ak Plan 504
- **Sondaj 2024 lekòl NYC**
- **Eleksyon konsèy edikasyon**
- **Semèn respè pou tout moun (Respect for All)**
- **Dat enpòtan nan admisyon**
  - Delè pou aplikasyon 3-K ak Pre-K
  - Òf lekòl segondè

### Summer Rising

Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS) pa ka tann pou yo fè patenarya avèk Depatman Jèn ak Devlopman Kominotè (DYCD) yon lòt fwa ankò pou pwogram Summer Rising 2025. Pwogram Summer Rising konekte elèv lekòl primè avèk eksperyans amizan, pratik pou ranfòse konpetans akademik, sosyal ak emosyonèl yo. Pwogram Summer Rising fèt **gratis** epi li ouvri pou nenpòt elèv Vil Nouyòk ki kounye a nan klas kindergarten jiska 8yèm ane.

#### Klas K–5yèm ane:

- Pwogram lan ap fonksyone soti **2 jiyè jiska 15 out 2025**, lendi rive **vandredi**, apati **8:00 a.m. pou 6:00 p.m.**

#### Klas 6yèm–8yèm ane:

- Pwogram lan ap fonksyone soti **2 jiyè jiska 15 out 2025**, epi l ap fonksyone lendi rive **vandredi**, apati **8:00 a.m. pou 6:00 p.m.**

Y ap bay elèv manje maten, manje midi gratis. Nan pwogram lan ap genyen aktivite akademik estaf NYCPS ap dirije ak aktivite ranfòsman òganizasyon kominotè (CBO) DYCD ap dirije.

## Aplikasyon Summer Rising MySchools

Peryòd aplikasyon an ap kòmanse **4 mas** epi l ap fini **28 mas 2025**. Pou ane 2024 la, fanmi ka aplike pou pwogram Summer Rising sou entènèt nan **MySchools**, sistèm anyè ak aplikasyon sou entènèt nou an.

Pou aplike, konekte sou **My Schools.nyc** (Si w deja gen yon kont MySchools, ou pa bezwen kreye yon nouvo kont). Kont MySchools ou a, ou itilize pou admisyon an, diferan avèk Kont Lekòl NYC (NYCSA) ou ka itilize pou jwenn aksè nan fòm sante pitit ou a epi mete enfòmasyon kontak pou ijans yo ajou.

Si w te aplike nan pwogram Summer Rising, 3-K/Pre-K, oswa lekòl NYCPS avèk MySchools, yo ka gentan ajoute pitit ou a nan kont ou a. Si ou pa gen yon kont MySchools, ou ka kreye youn nan **MySchools.nyc** avèk adrès imèl ou, nimewo ID elèv pitit ou a ki gen 9 chif la ak yon kòd kreyasyon kont MySchools, ou ka jwenn lè w kontakte lekòl pitit ou a.

Fanmi ka mete nenpòt kantite pwogram sou lis nan aplikasyon yo, nou rekòmande pou ou mete plis pwogram posib pou ogmante chans pou yo mete nan yon pwogram oumenm ou chwazi.

Pwosesis sa a se **pa** moun ki vini avan y ap pran avan; tout aplikasyon nou resevwa nan delè yo bay la ap resevwa menm tretman an. Fanmi ka fè chanjman nan aplikasyon yo nan nenpòt pwen pandan peryòd aplikasyon an.

Si w gen nenpòt kesyon oswa ou si w bezwen sipò avèk aplikasyon an, tanpri ale sou sitwèb nou an nan **[schools.nyc.gov/SummerRising](https://schools.nyc.gov/SummerRising)**, kontakte lekòl ou a, oswa voye yon imèl nan **[summer@schools.nyc.gov](mailto:summer@schools.nyc.gov)**.

## Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) ak Plan 504

Elèv k ap patisipe nan klas espesyal **12 mwa/ ane lekòl pwolonje (ESY)** oswa pwogram Nest, oswa Horizon pral resevwa pwogram ak sèvis yo rekòmande nan IEP yo nan yon lokal Pwogram ane lekòl pwolonje (ESY), Distri 75, oswa pwogram Nest oswa Horizon Summer. Fanmi ki vle patisipe nan pwogram IEP ak nan pwogram ranfòsman jounen pwolonje CBO atravè Summer Rising, dwe itilize pòtal aplikasyon MySchools la. Fanmi sa yo pral gen priyorite pou jwenn plas nan Summer Rising epi yo pral chwazi pwogram CBO a/yo ki fonksyone an koneksyon avèk pwogram IEP yo.

Si ou **pa** vle pwogram ranfòsman jounen pwolonje pou pitit ou a, epi pitit ou a ap patisipe sèlman nan pwogram Nest oswa Horizon (jiska 12:00 p.m.), pwogram D75 (jiska 2:30 p.m.), oswa pwogram ESY (jiska 2:00 p.m.), ou ta dwe kontakte lekòl pitit ou a olye ou itilize pòtal aplikasyon MySchools la.

Elèv ki bezwen akomodasyon, tankou yon parapwofesyonèl oswa enfimyè, pou patisipe nan pwogram Summer Rising ap resevwa yo selon bezwen endividyèl yo.

## Sondaj 2025 sou Lekòl Vil Nouyòk

Apati **10 fevriye 2025**, NYCPS pral òganize **Sondaj Lekòl Vil Nouyòk** li fè chak ane a. Sondaj Lekòl Leta Vil Nouyòk la ki fèt chak ane pandan 19 dènye ane yo, mande fanmi, pwofesè, elèv ki nan klas 6yèm ane rive 12yèm ane, ak kèk manm estaf lekòl leta Vil la pou yo bay opinyon yo konsènan eksperyans endividyèl yo nan lekòl leta Vil la. Opinyon sa a, k ap rete konfidansyèl, pral ede lekòl nou yo pi byen konprann kisa elèv ak manm kominote yo bezwen epi panse sou anviwònman aprantisaj, edikatè, kourikoulòm, sèvis sipò, ak plis ankò. Apre sa, lidè lekòl ka itilize opinyon sa yo pou ede amelyore lekòl ak pwogram yo ofri yo.

Pou wè ak ranpli sondaj la, konekte sou kont ofisyèl [NYCSA](#) ou a nan [schoolsaccount.nyc](#) apati 10 fevriye. W ap resevwa tou yon kopi sondaj la sou papye avèk enstriksyon sou fason pou w ranpli sondaj sou papye oswa sou entènèt.

Sondaj 2025 lan ap fèmen **4 avril 2025**. Jwenn plis enfòmasyon sou sondaj 2025 Lekòl Vil Nouyòk la nan [nycschoolssurvey.org](#).

---

## Eleksyon 2025 pou Konsèy Edikasyon Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil la

Si w ta renmen ede prepare règleman ak priyorite ki pral gen enpak sou edikasyon elèv Vil la, konsidere rantre nan yon konsèy edikasyon! Paran ka aplike pou poze kandida pou manda 2025–2027 la jiska **dimanch 16 fevriye 2025**. W ap ka ranpli aplikasyon yo nan kont lekòl Vil Nouyòk (NYC Schools Account ([schoolsaccount.nyc](#)) epi li pran sèlman 5–10 minit pou ranpli ! Gade kondisyon pou elijib yo, gid eleksyon an ak kesyon moun poze souvan (FAQ) sou [schools.nyc.gov/Elections2025](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou kiyès ki ka poze kandida pou yon pòs nan chak konsèy.

Pou ranpli aplikasyon w lan, w ap bezwen kreye yon Kont Lekòl Vil Nouyòk (NYCSA) sou non w. W ap itilize NYCSA ou a tou pou w vote pou kandida pou distri w la, kidonk li enpòtan pou prepare w lè w kreye kont ou a kounye a— aprann kòman nan [schools.nyc.com/NYCSA](#).

---

## Semèn Respè pou tout moun (Respect for All)

Ane sa a, Semèn Respè pou tout moun (Respect for All) ap fèt **10–14 fevriye 2025!** Pandan tout semèn lan, lekòl atravè vil la pral mete aksan sou pwogram k ap kontinye ede elèv, estaf ak kominote genyen yon pi bon konpreyansyon sou divèsite. Anplis, elèv pral patisipe nan leson ak aktivite k ap ede konbat bullying, entimidasyon, ak arasman ki baze sou prejije nan ‘Jounen Nasyonal Pèsonn pa Manje Poukont yo’ vandredi 14 fevriye.

Pou aprann plis sou Semèn Respè pou tout moun ak jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ ak resous NYCPS pou konbat bullying ak arasman, tanpri ale sou [schools.nyc.gov/RespectForAll](#).

---

## Dat enpòtan nan admisyon

Kòmansman 2025 lan gen ladan dat admisyon enpòtan pou elèv ki pi jèn nou yo enskri nan lekòl pou otòn 2025.

### Delè pou aplikasyon 3-K ak Pre-K

Sonje pou voye aplikasyon w lan ale pou pita **vandredi 28 fevriye 2025 lan!** Si pitit ou a fèt an 2022, li ka ale nan 3-K otòn sa a. Si pitit ou a fèt an 2021, li ka ale nan Pre-K otòn sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou edikasyon 3-K ak Pre-K gratis nan Vil Nouyòk, kòman pou jwenn yon pwogram bò lakay ou, ak kòman pou aplike, ale sou sitwèb nou an nan [schools.nyc.gov/3K](#) ak [schools.nyc.gov/PreK](#), epi patisipe nan yonn nan aktivite vityèl sou admisyon nan lekòl primè nou yo nan [schools.nyc.gov/ESEvents](#).

### Òf lekòl segondè

Si pitit ou a te aplike nan lekòl segondè pou otòn 2025 nan delè 9 desanm 2024 la, w ap resevwa òf lekòl segondè yo pou pita **6 mas 2025**. Y ap fè w konnen pa imèl pou w konekte sou kont [MySchools](#) ou a pou wè òf la ak nenpòt plasman sou lisdatant (si sa aplikab), ansanm avèk enfòmasyon sou pwochen etap yo. Pou aprann kòman yo fè òf ak kisa pou w fè apre, ale sou [schools.nyc.gov/HS](#).